

# Akademi sou Entènèt Miami-Dade

## Lekòl Leta Miami-Dade County Aplikasyon pou Lekòl K-12 Aplantan sou Entènèt 2016-2017 Ap Ouvri 30 Mas



### *Lekòl ap plantan sou Entènèt la bon pou ou paske:*

- ✓ Elèv ou a motive e li ka aprann poukont li
- ✓ Elèv ou a òganize e li responsab
- ✓ Elèv ou a toujou fè travay li alè
- ✓ Elèv ou a santi li alèz pou li mande pwofesè l èd
- ✓ Elèv ou a kapab li nan yon nivo lekòl ki depase mwayèn
- ✓ Elèv ou a ak fanmi li konfòtab avèk teknoloji
- ✓ Elèv ou a gen yon plas byen detèmine kote li ka etidye san yo pa entèwonp li

Si ou reponn “Wi” pou tout kesyon yo, “**Miami-Dade Online (MDO) Academy**” (**Akademi sou Entènèt Miami-Dade**) se lekòl leta IDEYAL pou fanmi ou! Akademi sou Entènèt Miami-Dade sèvi elèv “K-12” (Jadendanfan – 12yèm Ane Eskolè) elijib ki abite nan distri a. Akademi MDO detèmine pou li kreye yon anbyans aprantisaj sou Entènèt ki konsantre sou elèv pou yon popilasyon elèv ki divèsifye e ki angaje yo nan yon kourikoulòm kalite siperyè sou Entènèt.

Akademi sou Entènèt Miami-Dade ofri:

- Enstriksyon sou Entènèt ap plantan
- Jadendanfan – 12yèm Ane Eskolè
- Kou Onè, Anwolman Doub, ak kou “AP” lekòl segondè
- Yon diplòm lekòl segondè

Akademi MDO ouvri pou tout elèv, ki gen ladan elèv ki “gifted” (gen don), ki enskri nan kou Akademik Avanse, ki enskri nan prevansyon kont “drop-out” (abandone lekòl), entèvansyon akademik, ki enskri nan klas Anwolman Doub, oubyen ki enskri nan pwogram Depatman Jistis Jivenil, depi yo satisfè lòt demand elijibilite.



Aplikasyon pou ane lekòl 2016-2017 yo ap **disponib 30 mas pou 31 jiyè**.

Ranpli aplikasyon ou a sou Entènèt jodi a nan <http://mdo.dadeschools.net> e pou plis enfòmasyon rele **305-995-2831**.

